TËRËLIN BÜY LEERAL DOXALÌN BÜ GUAW SOY LATHIE KËYIT WALLU AARÜ CI BITIM REEW "PROTECTION INTERNATIONALE" FI CI ITALIE

WOLOF

Sa ñanu "protection internationale" manaam **"aarü ci bitim reew" binggë deff dinañuko xool ak tërëlin buñuy tuddè "tërëlin doxalìn bü guaw" manaam "procèdure accélérée"**. Müggi tekki ni dinañu xool sa ñanu këyit ci nimü gëna guawè. Suñuko nanggü wè, **dinanñu jël doggal bü wèssüwül 3 mois (ñetti weer).**

Sa ñanu këyit ndax ñu aarla ci bittim reew, dina topp tërälin doxalìn bü guaw sü nekkè ni bokkëna ci bènn ci biir anam yii ni nekk fii ci süff:

- Sü nekkè danga wax ay djafè yü amül bènn njariñ wala bü bokkül ci sartì wallü arrla ci bittim reew biggëy deff ñanu këyit bi.
- Sü nekkè danga joxè ay wax yo xaamni leerüwül wala mëngowül, wala wèrantè la, wala wax bü dëggwül ci xibaar yi am ci sa reew bi nga thiossano.
- Sü nekkè ci sa wallu bopp dangka tey joxè wala wonè ay këyit ak xibaar yü dëeggüwüt tè jübbüwüt, rawatina lü jëm ci sa dàntitè, ci sa xeet, wala nga teyko deffar ay këyit yo waxni dangka reeral wala ñu yakkü, doonte yaggui mënonn wanè wala joxè ak waxè lü dëggü tè lu djadü tè jübb.
- Sü nekkè danga lathiè kèssè ñanü këyit ci tërëlin aarü ci bitim reew di jdëfëni teyko yeexalal, wala tèrè doggal büñü wara djël ci yow ci ninggë guènè ci bitim italie.
- Sü nekkè yaggui djogguè ci dëkk bo xamni dañuko jäpp ni reew bü woor ci wallu italie ak Union Europèenne.
- Sü nekkè daffa am ay sabab yü woor yo xamni mënüñüla attenn ndax mannga done kü ayib ci rewmi ak ci kanamü tymkat yii, wala biñla dakkè rewmi ndax sabab yü metti yu jëm ci kaaraange rewmi wala yooni mbolo bi.
- Sü nekkè danga lathiè ñu aarla ci bitim rew bo xamni daffa bambtüwön mënañko nanggü waat.
- Sü nekkè danga düggü italie ci anam yüdül yoon wala nga güddël sa dëkküwaay ci rewmi ci anam yüdül yoon, tè amülo sabab bü taxaw, tè tèlowö dem ci kilifa yii nii di topotor yonn bobü, wala so tèlowül lathiè ñanü arrla ci bitim reew.
- Sü nekkè düggü nga ci yoon bü leer fi italie tè amulo sabab bü woor, tè tèlawö lathiè arrla ci bitim reew ci nimü gënë guawè; lolü mënül am; suddè so soxlawè arrü ci bitim reew fekkë yagui nekkon ci sa reew bi nga thiossano ("*sur place*").
- Sü nekkè yagui djoggè ci reew mü pursàntassù arrü ci bitim reew bi kilifa doggäl nangü, büñü sakkandikoo ci donneès yü müjj yü Eurostat ci att mi ci EU yëpp tollu ni gënë neew 20%; lolu mënül am; suddè am coppite bü am solò ci reewmi nga thiossano wala suddè danga bokk ci xeetu nitt ñü am soxla aar tè amul bènn wèrantè; boy seet itam wuutè yü am solò yi am ci diggëntè doggal yi njakk ak doggal yi müjj.

Doonte sa ñanü arrü ci bitim reew ci tërëlin bü guaw lañkoy xolè, **komitè dëkk gui "Commission territoriale" dina djängät bü baax, bamü matsëkk lëpp lo xamni momë nga soxla ci wallu aar ngir sammlë.** Komitè bi süñü guissè ni lüñü djängg ci sa ñanü arrü ci bitim reew bi da djafè, tè dey djël ligguëy ak waxtü bü bërri, konn mënañu soppi tërëlin bii tè dem ci kanam xool sa ñanü arrü ak anam bü normale bi nga xamni moy djël waxtü ak ligguëy bü güdü ngir ñu djël doggal (daleko diürom benn weer ak ci kanam bagua tambalè ba leggui ñan këyit yii, mënnë amm ñu guddalko).

Bü dèh yow amgua soxla ci wallu yennë tërëlinü këyit yii nga tambaliwonë, diürom benn weer yi ni wèssü, ni sayitü tërëlinü doxalinü dëkk bi ñu nekk dinañula taxaw ci sa bëggë bi ci biir tërëlin.

Lolü dina mënë am sü nekkè ni dangga bokk ci xeetu niit yi gënë niakk kaaraange, lü ci melni am **feebarü yaram wala xel, ay djafè – djafè yü ley tèrè deff yennë ligguëy yii, wala suddè dangga am laago, tortures, wala fitna ci wallù xel, yaram ak awra, wala ci nitki linguë done**, müy goor wala djigëène. Ci lü demmè ni, sü nekkè komitè bii manüla jappalè ci wallù kaaraange bi nga soxla ci tërëlin bü guaw bi, komitè bi mënna djemë djël doggal tè xool ci tërëlin bü yekh bii.

So bokkè ci xeetu niit yii ni ñu leeralal fi ni ci kaw, **daffa am solò nga waax yann moy sa soxla wa kilifa yii ni di arr dëkk bii tè tënk yoon wi bind sa demande bi**. **Danga wara djoxè itam, say niakk kattàn ak say soxla, ci këyitü demande bi nekk ci internet bi, nga boolè ci bèpp këyit boo mëna am ci sa soxla yoo bëggë niom ñu xam ko.** Ci lolü, komitè bi dina mënë doggal tërëlin bü yekh bi, manaam bü normale bi, tè dinala wax nann lëy doxè.

Sü nekkè komitè bi da bañ sa ñanü arrü ci bitim reew, tè yow foggë nga ni doggal bi djadüwül wala daño djüm, amgua akkë ak yëlef bo mënnëh lathiè ngir nga am bènènn layo ci bërëbbü layokay askan wi.

Ngir nga mënnëh lathiè layo, dinga soxla ndimmbali ci yonn bü rewmi, tè do feyy dara ndaxtè ngoorgui mo koy feyy. Anam yii di taax nga mënnë lathiè layo ñunkey tekki ci xibaar xatim yi ñu bindë ci tërëlin bü normale biñu la dioxone mom ak bi nii.

Sü nekkè ci sa anam daño jëffè tërëlin bü guawbi, **danga wara lathiè layo bi wèssüwül 7 jours (djorom benn ak niari fan)** tambalè ko ci so djott ci doggalü wa komitè rewmi.

Bü wèssü wè lolü, lathiè layo bi kèssè, taylawül akkë ak yëlef ngir nga tokk fii ni italie. So bëggè tokk fi ni ci italie ba waxtü doggal bi djott ci kanamü attekat bü makk bi (Juge), ci sa wallù bopp, danga wara lathiè kilifa yi ñu meyla ndax nga mënë dess fi.

Kilifa wü bërëbbü layokay ngi dina doggal ci lü wèssüwül 10 jours (ñiari djoromi fan) ndax amnga akkë ak yëlef ngir nga mënëh dess fi italie ci waxtü bi yèpp wü tërëlin bi. Bü wèssü wè lolü, **kilifa bërëbb bi dina djël doggal ci sa ñanü arrü ci bitim reew, bü wèssüwül 4 mois** (ñienti weer).

Lèpp xibaar ci tërëlin bi, mënngako xool ci xibaar xatim yii ci tërëlin bü yekh bi, bü normale bi büñula djoxone mom ak bi nii.